**РЕЗЮМЕ.** Мақолада нейропсихологик коррекция жараёнида нейрокоррекцион машқлари қўллашнинг назарий ва амалий жиҳатлари таҳлил қилинган. Миянинг нейропластиклигини фаоллаштириш орқали олий психик функцияларни тиклаш ва ривожлантиришга қаратилган фанлараро ёндошув сифатида нейрокоррекциянинг моҳияти очиб берилган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье анализируются теоретические и практические аспекты применения нейрокоррекционных упражнений в контексте нейропсихологической коррекции. Раскрывается сущность нейрокоррекции как междисциплинарного подхода, направленного на восстановление и развитие высших психических функций за счёт активации нейропластичности мозга.

**SUMMARY.** This article analyzes theoretical and practical aspects of the use of neurocorrective exercises in the context of neuropsychological correction. The essence of neurocorrection as an interdisciplinary approach aimed at restoration and development of higher mental functions through activation of brain neuroplasticity is revealed.

# MEKTEPKE ShEKEMGI HÁM KIShI MEKTEP JASÍNDAǴÍ TUTLÍǴÍP SÓYLEYTUǴÍN BALALARDÍ LOGOPEDIYALÍQ TEKSERIWDIŃ ÁHMIYETI

**K.Tajimuratova** – *úlken oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** duduqlanish, bola nutqini tekshirish, impressiv nutqini tekshirish, motorikani tekshirish, logofobiya, sigmatizm, rotatsizm, yotatsizm, kappatsizm, monomorf, polimorf, temp, pauza, ritm.

**Ключевые слова:** заикание, тестирование детской речи, тестирование импрессивной речи, тестирование моторных навыков, логофобия, сигматизм, ротацизм, йотацизм, каппацизм, мономорф, полиморф, темп, пауза, ритм.

**Key words:** stuttering, testing the child's speech, testing impressive speech, testing motor skills, logophobia, sigmatism, rotacism, yotacism, kappacism, monomorph, polymorph, tempo, pause, rhythm.

**Kirisiw.** Mámleketimizde ayrıqsha járdemge mútáj balalar menen islesiw, olarǵa járdem kórsetiw, jámiyette shaxs bolıp qáliplesiw, ómirde óz ornın tabıwda járdem beriw ushın olarǵa keń kólemde sharayatlar hám imkaniyatlar jaratılıp berilmekte. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2020-jıl 13-oktyabrdegi «Ayrıqsha tálim zárúrlikleri bolǵan balalarǵa tálim-tárbiya beriw sistemasın jáne de rawajlandırıw is-ilajları haqqında»ǵı PQ-4860-sanlı Qararında imkaniyatı sheklengen balalardıń zárúrliklerin óz shańaraqları menen jasawına hár tárepleme bilim, tálim-tárbiya hám medicinalıq xızmetten paydalanıwları ushın barlıq imkaniyatlar jaratılıw kerekligi kórsetilgen.

Sol qatarda jámiyetimiz arasında sóylew tilinde hár túrli kemshiliklerge iye bolǵan shaxslar sanınıń artıp baratırǵanlıǵı da heshkimge sır emes.

Sóylewdegi tiykarǵı funkciyalardıń buzılıwı insan iskerligine unamsız tásir kórsetedi, onıń iskerligin páseytedi, awır ruwxıy keshirmeler kelip shıǵıwına sebep boladı. Máselen, ayırım sózlerdiń nadurıs aytılıwı adamdı qolaysız jaǵdayǵa salıp qoyıwı menen birge onı átirapındaǵılar menen qarım-qatnas qılıwda qıynap qoyadı, ol sóylegende óz pikirin tolıq hám erkin jetkerip bere almaydı. Sóylew kemshilikleriniń awır túrlerine tutlıǵıp sóylew kemshiligi kiredi.

**Ádebiyatlar analizi.** Tutlıǵıp sóylew kemshiligin hár tárepleme úyreniw hám onıń kelip shıǵıw sebeplerin anıqlawda bir neshe alımlar ilimiy izertlew jumısların alıp barǵan.

R.E.Levina nátiyjesizlik, qorqıw, uyalıw, ashıwlanıw, túskinlikke túsiw, bastıń qattı jaraqat alıwı, awır keselleniw, ata-analardıń natuwrı tárbiyası, basqa birewlerdiń sóylew tiline eliklewin tutlıǵıwdıń payda bolıw sebeplerine qosqan edi [8:25]. I.A.Sikorskiydiń keltirip ótiwinshe, tutlıǵıp sóylew kemshiligi balalar jası menen baylanıslı bolıp esaplanadı [4:16]. Sebebi bul dáwirde balalar sóylewi ele rawajlanıp tamamlanbaǵan boladı. Ol násilde de úlken áhmiyetke iye, bunda hálsiz balalarda sóylew mexanizmleri teńsalmaqlılıqtı buzatuǵın basqasha ruwxıy hám biologik sebepler qorqıw, jıǵılıp túsiw, juqpalı kesellikler, eliklew) shártli ráwishte esapqa alınadı.

Shet elli izertlewshiler balalardı nadurıs tárbiyalaw tutlıǵıp sóylew kemshiliginiń tiykarǵı sebepleriniń biri dep esaplaydı. G.D.Netkachyev tutlıǵıp sóylew kemshiliginiń sebeplerin balanıń shańaraqta nadurıs tárizde tárbiyalanıwınan izledi, qattı qollılıq penen hám hádden tıs erkeletip tárbiyalawdı zıyanlı dep esapladı [6:132]. V.I.Seliverstov juqpalı kesselliklerdiń aqıbetinde aǵzalardıń astenizaciyalanıwı [5:224], A.Gucman eliklew, infeksiya jıǵıw, qorqıw, oqıtıw waqtındaǵı nemquraylıq dep belgiledi [7:38]. Solay etip, V.A.Gilyarovskiy, M.Xvacev, I.A.Vlasova, N.I.Krasnogorskiy, N.I.Tyapugin, M.Zeyman hám basqalar tutlıǵıp sóylew kemshiliginiń etiologiyasındaǵı sırtqı hám ishki belgileriniń bir qansha túrlerin kórsetip ótken.

**Talqılaw hám nátiyjeler.** Quramalı sóylew kemshilikleri arasında tutlıǵıp sóylew kemshiligi bolıp, bul sóylew kemshiligin úyreniw mashqalası sóylewdiń buzılıwları haqqındaǵı táliymattıń rawajlanıwında eń dáslepki dereklerden esaplanadı.

Tutlıǵıp sóylew kemshiligi – bul sóylew apparatı bulshıq etleriniń sińir tartılıwı nátiyjesinde sóylewdiń temp-ritminiń buzılıwı sanaladı. Áyyemgi dáwirlerde tutlıǵıp sóylew kemshiligi kóbirek bas miyde ıǵallıqtıń toplanıp qalıwı (Gippokrat) yáki artikulacion apparat bólimleriniń óz ara natuwrı múnásibeti (Aristotel) menen baylanıslı haldaǵı kesellik dep qaralǵan. tutlıǵıp sóylew kemshiligi waqtında sóylew apparatınıń oraylıq yáki periferiyalıq (sırtqı) bólimlerinde buzılıs bolıw múmkin ekenligin Galen, Sels hám Ibn Sina aytıp ótken [1:328].

Házirgi waqıtta tutlıǵıp sóylew kemshiliginiń sebepleri eki toparǵa bólinedi: meyillik sebepler ("negiz" ge) hám keltirip shıǵarıwshı sebepke ("túrtki" ge) ajıratıw múmkin. Bunda ayırım etiologiyalıq belgiler tutlıǵıp sóylew kemshiligin rawajlandırıwı hám keltirip shıǵarıwı da múmkin.

Meyillik sebeplerge tómendegiler kiredi:

- Ata-analardıń nevropatik keselleniwi (oraylıq nerv sistemasınıń iskerligin bosastırıwshı yaki izden shıǵarıwshı nerv kesellikleri, juǵımlı hám fizikalıq kesellikler);

- Tutlıǵıp sóylew kemshiliginiń ózinde nevropatik qásiyetler (túngi qorqıw, enurez, kúshli qozǵalıwshańlıq);

- Konstitucional meyillik (vegatativ nerv sistemasınıń keselleniwi hám joqarı nerv iskerliginiń júdá názikligi, onıń ayrıqsha zıyanlanıwına dus keliw);

- Násillik buzılıw (tutlıǵıp sóylew apparatınıń tuwma hálsizligi tiykarında rawajlanadı, ol násilden-násilge recessiv tásiri tiykarında ótip barıwı múmkin). Eger sırtqı ortalıq tutlıǵıwǵa unamsız tásir kórsetse, ekzogen belgilerdiń tásirin itibarǵa alıw lazım;

Bas miydiń túrli dáwirlerindegi rawajlanıwında, kóplep unamsız belgiler tásirinde zıyanlanıwı: ana qarnındaǵı hám tuwma jaraqatlanıw, asfikciya, postnatal – juǵımlı kesellikler, hár túrli balalar keselliklerindegi jaraqatlı hám trofik – almasıwdaǵı buzılıwlar. Kórsetilgen fizikalıq hám ruwxıy bólimlerde hár qıylı patologik ózgerislerdi keltirip shıǵaradı. Sóylew tili rawajlanıwı keshigiwine, sóylewdiń hálsizleniwine alıp keledi hám tutlıǵıwdıń rawajlanıwına imkan beredi.

Muwapıq emeslik shártlerge tómendegiler kiredi:

Balalardıń fizikalıq hálsizligi;

- Miy iskerliginiń jasqa baylanıslı qásiyetleri bas miy úlken yarım sharları tiykarınan balanıń bes jasqa jetkeninde qáliplesedi, ásirese sol jasta bas miy iskerligindegi funkcional assismetriya júzege keledi. Ontogenetik tárepten kesh rawajlanǵan sóylew funkciyası, ásirese, názik hám hálsiz boladı. Sonıń menen birge, ul balalardaǵı sóylew funkciyasınıń qız balalarǵa salıstırǵanda kesh rawajlanıwı olardaǵı nerv sistemasınıń hálsizleniwine sebep boladı;

- Sóylewdiń jedel rawajlanıwı (3-4 jasta), bunda onıń kommunikativ, qabıl etiw hám muwapıqlastırıwshı iskerlikleri úlkenler menen bolatuǵın qarım-qatnas tásiri astında tez rawajlanadı. Bul dáwirde kóplegen balalarda buwın hám sózlerdi tákirarlaw (integraciya) gúzetiledi. Ol fiziologik xarakterge iye;

- Balanıń jasırın ruwxıy túskinlikke túsiwi, átiraptaǵılar menen unamsız múnásibetler tiykarında tez tásirleniw; áhmiyetli talaplar hám onı ańlaw dárejesi ortasındaǵı qarama-qarsılıq;

- Bala menen úlkenler ortasındaǵı unamlı emocional baylanıslardıń tegis emesligi, emocional zorıǵıwdıń payda bolıwı kóbinese tutlıǵıp sóylew kemshiligi menen juwmaqlanadı;

- Háreket, dawıs, emiciya, mimik-artıqsha iskerlik rawajlanıwındaǵı jetispewshilik.

Aytıp ótilgen ol yáki bul shártlerdiń bolǵanlıǵı sebepli qandayda bir iskerlikte sırtqı tásirler (qozǵatıwshı)diń bolıwı nerv buzılıwı hám tutlıǵıwdıń payda bolıwına alıp keledi.

Keltirip shıǵarıwshı sebepler toparında anotomik-fiziologik, ruwxıy hám sociallıq sebeplerdi ajıratıp kórsetiw múmkin.

- Anotomik-fiziologik sebepler: ensefalit bolǵan jaǵday, fizikalıq kesellikler; jaraqatlar – ana qarnındaǵı, tuwılıw waqtındaǵı, kóbinese asfiksiya menen miydiń shayqalıp zıyanlanıwı; miydiń organikalıq buzılıwı, bul waqıtta háreketti muwapıqlastırıwshı qabıq astı mexanizmleri zıyanlanıwı múmkin; zıyanlanıw oraylıq sóylew apparatın hálsizleniwshi basqa kesellikler nátiyjesinde nerv sistemasınıń pútkilley izden shıǵıwı yáki kúshli sharshawı, qızamıq, terleme, ásirese, kók jótel, ishki sekreciya almasıw kesellikleri, murın, kegirdek, jutqınshaq kesellikleri, dislaliya, dizartriyanıń hám sóylewi tolıq rawajlanbaǵanlıq jaǵdayları ses aytılıwı apparatınıń quramalı rawajlanbaǵanlıǵı menen xarakterlenedi.

Ruwxıy hám sociallıq sebepleri: qısqa múddetli ruwxıy zıyanlanıw (qorqıw, albıraw); uzaq waqıt tásir kórsetetuǵın ruwxıy zıyanlanıw, bunda tómendegi jaǵdaylarda kórinetuǵın natuwrı shańaraq tárbiyası túsiniledi; erkelik, buyrıqqa tiykarlanǵan tárbiya, bir qıylı bolmaǵan tárbiya, “úlgili” bala tárbiyası; sozılmalı keshirmeler, ruwxıy sharshaw, uzaq waqıt dawam etetuǵın ruwxıy sezimler; ruwxıy jaǵdayı júdá awır keshetuǵın, nátiyjesiz tásirdi keltirip shıǵaratuǵın jaǵdaylar, túskinlikke túsiw hám birden quwanıp ketiw jaǵdaydarı; sóylewdiń balalarda natuwrı qáliplesiwi; dem alıw, dem shıǵarıwdıń buzılıwı, tez sóylew, sesler aytılıwınıń buzılıwı, ata-analardıń tez, tınıq emes sóylewi; kishi jastaǵı balalardı hádden tısqarı sóylew materialları menen sharshatıp qoyıw h.t.b.

Tutlıǵıwdıń payda bolıwı ulıwmalıq hám sóylew motorikasınıń túrli buzılıwlarına tán bolıp esaplanadı. Olar júzeki (sóylewdegi tartısıwlar, sińir, moyın, júzdegi isiwler) hám ıqtıyarıy tutlıǵıp qalıw tárizinde bolıwı múmkin.

Házirgi dáwirde tutlıǵıp sóylew kemshiligine iye bolǵan balalardıń tek ǵana ózine tán ruwxıy qásiyetlerdi tereń úyreniwge emes, bálkim olar logopediyalıq jumıs alıp barıwdıń ruwxıy-terapevtik baǵdarın belgilew ushın bul belgi toparların komplektlestiriw barısında da háreket qılınbaqta.

Sóylewdi tekseriw procesinde tómendegi maǵlıwmatlar kórsetilip barıladı:

1. Tutlıǵatuǵın balanıń dıqqat-itibarınıń ózgeshelikleri: dıqqatın belgili bir nársege qarata almaydı, tez aljasadı, dıqqatı bóliniwsheń.

2. Tutlıǵıwdıń túri: klonikalıq, tonikalıq, aralas.

3. Tutlıǵıw túrleri: dem alıw hám dem shıǵarıwdıń búzılıwı, sıbırlap sóylew procesinde hám erkin sóylewde pauzalardıń uzaq dawam etiwi, soraw-juwap waqtında qıynalıp juwap beriw jaǵdayları ushırasadı.

4. Tutlıǵıwdıń payda bolıw dárejesi:

a) jeńil túri: tutlıǵıw balanıń sóylesiwge kirisiw procesinde payda bolmaydı. Tutlıǵıw tek erkin sóylewinde payda boladı;

b) orta túri: tutlıǵıw balanıń sóylesiwge kirisiwine unamsız tásir etedi; tutlıǵıw erkin sóylewinde hám soraw-juwaplar ótkiziw waqtında payda boladı;

c) awır túrı: sóylesiwge az kirisetuǵın, tutlıǵıwlar waqtı turaqlı boladı.

5. Sóylewdiń túrli formalarında tutlıǵıwdıń payda bolıwı (tutlıǵıwdıń sanı, kúshi hám dawamlılıǵı);

6. Artikulyaciyalıq apparattıń dúzilisi hám háreketsheńligi: erin, til, tis, jumsaq hám qattı tańlaydaǵı kemshilik;

Artikulyaciyalıq apparattıń háreketsheńligi;

Háreketlerdiń tezligi hám joqlıǵı;

Oǵada tezlesken háreketler;

Háreketlerdiń kólemi;

7. Seslerdi aytıwın tekseriw;

Bunda logopediyalıq albomnan paydalanadı. Tekseriw nátiyjeleri tómendegi keste kórinisinde toltırıladı.

Seslerdi aytıw jaǵdayın anıqlaw:

- mexanizmi boyınsha: dislaliya;

- túri: motor, sensor, aralas, dislaliya;
- payda bolıwı: sigmatizm, rotacizm. Lambdacizm, yotacizm, kappacizm.
- kólemi boyınsha: monomorf, polimorf, quramalı.
8. Sóylew tempiniń buzılıwı:
- temp: normal, tómenlegen, tezlengen;
- pauzalar: durıs, buzılǵan;
- ritm: normal, aritmiya;
- dem alıw: normal, tezlesken, páseygen.

**Tutlıǵatuǵın balanı oyın háreketinde tekseriw.**

1. Oyınnıń shólkemlestiriliwi-erkin, úlken jastaǵılardıń járdeminde.
2. Balanıń belgili bir oyınǵa qızıǵıwı: didaktikalıq, háreketli, sport oyınları hám taǵı basqa.
3. Balanıń oyın procesinde qanday temalar táshwishlentiredi.
4. Bala bir ózi, kishi topar yaki kópshilik balalar menen oynaǵandı jaqsı kóredi.
5. Bala dawısın shıǵarmay yamasa sóylep oynaydı.
6. Bala oyındı bir ózi aqırına shekem jetkeredi yamasa úlken jastaǵılardıń járdeminde ámelge asıradı [3:10].

**Diagnoz qoyıw.** Tutlıǵatuǵın balalardı dinamikalıq tekseriw tiykarınan tutlıǵatuǵın balaǵa korrekciyalıq-tárbiyalıq tásir etiw procesiniń birinshi basqıshında ámelge asırıladı.

Tutlıǵatuǵın balanı dinamikalıq tekseriw nátiyjeleri logoped tárepinen psixologiyalıq-logopediyalıq juwmaq-diagnoz túrinde ulıwmalastırıladı.

Diagnozda tómendegi maǵlıwmatlar esapqa alınadı:
- tutlıǵıwlardıń túri, payda bolıw dárejesi;
- sóylesiwge kirisiwsheńligi;
- motorikanıń jaǵdayı;
- balanıń oyın háreketindegi qatnası, belsendiligi;
- seslerdi aytıwdaǵı kemshilikler, sóylew komponentlerinde ushırasatuǵın kemshilikler [10:98].

**Tutlıǵatuǵın balanı tekseriw nátiyjeleri.**

1. Sóylewdi iyelew hám túsiniw.
2. Artikulyaciyalıq apparattıń dúzilisi hám motorikası.
3. Barlıq ekspressiv sóylew túrleriniń ózgeshelikleri: erkin sóylewden (sıbırlaytuǵın) sıbırlawǵa shekem.
4. Sóylewdiń prosodikalıq komponentleri jaǵdayı.
5. Seslerdi aytıwdıń jaǵdayı. Fonematikalıq analiz, sintez hám túsiniklerdiń jaǵdayı. Sózdiń grammatikalıq dúzilisi, sózlik baylıǵı.
6. Oyın háreketiniń ózgeshelikleri.
7. Diagnoz (ruwxıy-logopediyalıq juwmaq).

Balada tutlıǵıp sóylew rawajlana baslaǵanda, yaǵnıy, qanday ózgeshelikler payda bolǵanda ata-analar oǵan itibar beriwi tiyis: ıqtiyarsız háreketlerdiń buzılıwı (sińirdiń tartılıwı, qol, ayaq penen tapıldatıwı, basın aylandırıw hám taǵı basqa) yaki sóylew kemshilikleri (artıqsha sózler, sesler, dem alıwda ayrıqsha ses hám sózlerdi aytıw hám taǵı basqa). Tutlıǵıwdıń payda bolıwı tuwralı anıq maǵlıwmatlar toplaw nátiyjesinde, balaǵa medicinalıq-pedagogikalıq tásirdiń tiykarǵı túrlerin tańlap alıwǵa járdem beredi. Sóylewdiń buzılıwı menen birge kelse, álbette, qosımsha shınıǵıwlardı alınadı, arnawlı usıllardan paydalanǵan halda baladaǵı ses kemshiliklerin, sózlerdi grammatikalıq jaqtan durıs qáliplestiriwge úyretiledi.

Logopediyalıq tárepten juwmaq shıǵarıw procesinde tómendegiler esapqa alınadı: tutlıǵıp sóylew kemshiligi forması (tonik, klonik, aralas), tartısıw túrleri (dem alıw hám dem shıǵarıwdaǵı, sesli, aytılıwı aralas), tutlıǵıp sóylew kemshiligi dárejesi (jeńil, orta, awır), sóylew tempi (ástenlesken, jedellesken, tez sóylew, taxilaliyanıń bar ekenligi), tutlıǵıp sóylew kemshiligi menen birge keletuǵın dislaliya sóylew kemshiligi, dizartriya sóylew kemshiliginiń jeńil forması, sóylewdiń ulıwma rawajlanbay qalıwı, háreketlendiriwshi qurallar iskerliginiń jaǵdayı, tutlıǵıp sóylew kemshiliginiń ruwxıy belgileriniń bar-joqlıǵı hám sáwlelengenligi: sóylewden qorqıw (logofobiya) háreketlendiriwshi kúsh hám sóylewdegi hiyleler, embolfraziyalar, sóylew usılınıń ózgeriwi hám basqalar, albıraw hám qorqıw sıyaqlı emociyalardıń payda bolıwı menen xarakterlenedi [9:28].

**Juwmaq.** Ulıwma alǵanda tutlıǵıp sóyleytuǵın balalar menen alıp barılatuǵın korrekcion jumıslar tiykarında logopediyalıq juwmaq shıǵarıw tutlıǵıp sóylew kemshiligin basqa sóylewdegi kemshiliklerden ajıratıp alıwǵa, sondayaq, tutlıǵıp sóylew kemshiliginiń túrli formaların bir-birinen parıqlap alıwǵa imkaniyat jaratadı. Tutlıǵıp sóylew kemshiligine iye bolǵan balalardı hár tárepleme úyreniw onıń tábiyatın anıqlawǵa da imkan beredi.

## Ádebiyatlar


1. Ayupova M. Yu. Logopediya. –Toshkent: «Ózbekston faylasuflari milliy jamiyati nashiriyoti», 2019.
2. Волкова Л.С. Логопедия. –Москва: «Советские учебники», 2024.
3. Tajimuratov A.J. Mektepke shekemgi hám kishi mektep jasındaǵı balalardıń seslerdi aytıwdaǵı kemshiliklerin saplastırıw. –Nókis: Ájiniyaz atındaǵı NMPI baspaxanası, 2024.
4. Сикорский И.А. О заикании. –Киев: «Издание Карпа Реккера»,1889.
5. Селиверстов В.И. Заикание у детей. –М.: «Просвещение», 1979.
6. Неткачев Д.Г. Заикание. Новый психологический способ лечения. Монография. –Москва: тип. Вильде, 1909.
7. Gutsman A. Das Stottern Rine Monographie fur Aerste Padogogen und Rehorden. –Frankfurt: 1898.
8. Левина Р.Е. Пути изучения и преоделения заикания у детей. // Спец.школа. –М.: 1966. Вып. 4 (120).
9. Tajimuratova K.A.,Salamova F.X.,Tasbaeva G.M.,Tajimuratov A.J. " Tutlıǵıwda korrekcion jumıs metodikası" oqıw- metodikalıq qollanba. –Nókis: Ájiniyaz atındaǵı NMPI baspaxanası, 2025
10. Bekmanova J.A., Tajimuratova K.A.Logopediya. Sabaqlıq.Golden Print Nukus.baspası.2025



**REZYUME**. Maqolada bolalarning kichikligidan duduqlanıshga moyilligini anıqlash, bolalarda kuzatilgan duduqlanıb gapirishi logopedik korrektsion ishlar bilan tuzatish metodikalari va ularni olib borishning ahamiyati yoritib berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье подчеркивается важность выявления склонности детей к заиканию с раннего возраста, методы коррекции заикания, наблюдаемые у детей с помощью логопедических занятий, а также методика их проведения.

**SUMMARY.**This article highlights the importance of identifying children's tendency to stutter from an early age, the methods of correcting stuttering observed in children with speech therapy correction work, and their implementation.